*Қарақалпақстан Республикасы*
*Мәлимлеме - китапхана орайы*



# Ардақлы устаз, биринши тележурналист ҳәм шайыр Ғалым Сейтназаровтың 90 жыллығына биобиблиография

*Нөкис – 2017 жыл*

## КИРИСИЎ

Қарақалпақстан телевидениесиниң жүзеге келеўинде, биринши көрсетиўди эфирге бериўде, дәслепки дөретиўшилик ҳәм техникалық жумыслардың жақсы шөлкемлестирилиўинде Ғалым Сейтназаровтың үлеси оғада гиреўли. Ҳақыйқатында да Ғалым Сейтназаров телевидениениң биринши көрсетиўин таярлаўға қатнасқан, редакторлаған, сол ўақыттағы азғана дөретиўшилик ҳәм техникалық жәмәәттиң басын қурап, қыйыншылықларға шыдам берип, кейин телевидениениң халыққа танылыўына себепши болған инсан. Биринши көрсетиў 1964 – жылы 5 – ноябрь куни болды.

Биринши тележурналист Ғалым Сейтназаров текғана «Тележаңалықлар» таярлаўға қатнасып қоймастан, салтанатлы байрам көрсетиўлерин, кишигирим өндирислик темадағы көрсетиўлерди де биринши болып таярлап, телевидение жанрларының раўажланыўына тийкар салған. Халықтың көп қызығатуғын «Жаңалықлар» информациялық программасын «Хабар» деп атаўды ҳәм титрди глобус фонында, оны айланып турған түринде бериўди усынды ҳәм бираз қыйыншылықлар менен болсада әмелге асырды.

Ғалым аға оғада сабырлылық пенен эфирге кететуғын барлық диктор оқыйтуғын материалларды, шығып сөйлейтуғын текстлерин өзи оқып, художниклердиң таярлаған титр – заставкаларын биримлеп көрип, киножурналлар менен телефильмлерди, көркем фильмлерди эфирден алдын көрип болып жиберетуғын еди.

Ғалым Сейтназаров жас ўакытларынан баслап халық әдебияты, көркем – өнерге қызыққан. Мектепте оқып жүрген бала ўакытларында – ақ мектеп дийуалы газеталарында қосықлары шыққан. Ол: «Мениң бала ўакытларымда ең сүйип оқыйтуғын шығармаларым Сәбит Муқанов повестьлери, Жолмурза Аймурзаев, Аббаз Дабылов, Дәўлетияр Қасымовтың қосықлары еди. Мен олардың көп шығармаларын, қосық, поэмаларын ядтан билетуғын едим» деп еске түсиреди.

Ғалым Сейтназаровтың ҳақыйқый жазыўшылыққа араласқан ўакты 50-60-жыллар болды. 1950-жыллар ол республикалық газеталарға қосық ҳәм фельетонлар жазады. Оның биринши «Ярым күткен сулыўға» деген қосығы 1945-жылы республикалык газетада жарияланды. Жазыўшы бул ҳаққында былай еске түсиреди: «Аўылда мектепке газеталар алып келетуғын еди. Газеталарды ақтарып отырсам, бир газетада мениң қосығым басылып шыққанын көрдим. Менде шексиз қуўаныш пайда болды. Қосық жаза алатуғынлығым өзимде бир исеним пайда етти. Төрт - бес күннен кейин қарасам мениң бул қосығымды аўылда ҳәмме адамлар ядлап алыпты, айтып жүр» Әсиресе, оның қосығындағы мына қатарларын адамлар көп айтатуғын еди:

**Жаўды жеңип ярым келер,**
**Жыллы жумсақ қолын берер,**
**Жалт – жулт етип төсте орден,**

**Бизиң менен ойнап күлер.**
**Женимпаздур мениң халқым,**
**Қолың алтын, жериң алтын,**
**Батыр ярға, Ўатаныңа,**
**Арта берсин муҳаббатың.**

Усылайынша ол аўылда «шайыр бала» деп атанды. Расында да оның қосық, гүрриң, жазыўға уқыплылықы бала ўактынан – ақ раўажланып, талабына айланды.

Оның ең дәслепки шығармалары 1961 – жылы «Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен шығарылған «Қызылқум қойнында» топламында басылған очерклер, гүрриңлер ҳәм новеллары болды. Бунда республикамыздың шарўашылық тараўындағы жетискенликлери, шопанлардың тәбият қыйыншылықларына қарамай, қысты қыс, суўық демей, жазды жаз, ыссы демей ел, халық ушын хызметлери жүдә дурыс, шебер ҳәм исенимли, анық сүўретленеди. Ондағы шопанлар турмысынын қыйыншылықлы, машқалаға толы өмир екенлиги, бирақ шадлы, қурғын, қуўанышлы жасайтуғынлықлары шебер бериледи.

Ғалым Сейтназаров өз өмирин, мийнетин, тасқынлаған талантын халыққа арнады. Халықты, киндик қаны тамған туўылған жерди, ана – Ўатанды, оның топырағын көзине сүрме етти. Оның бирнеше қосықлар топламлары, гүрриңлери, повестьлери, романы жарык көрди. Бул шығармаларда елимизде жасаўшы ҳәр бир адамның дүньядағы белгили орны, қәсийетин, психологиясын ашыў менен бирге ел – халық хызмети ардақланды. Шайыр лирикалары жўрегинди қытықлап, жаныңа ләззет бағышлайды. Оларға композиторлар йошлы намалар жазып, талантлы қосықшыларымыз шеберлик пенен атқарды.

Ғалым Сейтназаров ушын туўылған жер, ана топырақ көздиң қарашығындай әдиўли болды. Оны шайыр былай тәриплейди:

**Туўылған жер! Мың ўазыйпаң аз маған,**
**Сен ҳаққында қосығым аз жазбаған.**
**Муҳаббатым көз нурындай сақланып,**
**Миллионлардың жүрегинде тозбаған.**

**Еркин ашып айдын өмир есигин,**
**Сен деп өсип, жүректен жыр өсирдим,**
**Өмириңе септим бул бир шигитти,**
**Өзиң өсир, уллы алтын бесигим, -** деп өзиниң инсанлық қәбилети, ерки, туўылған жер, оның адамларында екенлигин мақтаныш етти.

Ғалым Сейтназаров поэзия жанрында көп мийнет етти. Ол қаҳарманлықты жырлады ҳәм өз заманының қаҳарманларының образын дөретти. Шайырдың лирикалық қосықларындағы лирик қаҳарманларды емес «Ерлик белгиси» поэмасындағы Жапақ ҳәм Сәлим, «Разливтеги қос» поэмасындағы Қасым ҳәм оның улы, «Саҳра сазлары» поэмасындағы Узилхан, «Сырласыў» поэмасындағы Жамал, «Темир қазық» поэмасындағы Беруний образлары бирин – бири тәкирарламайтуғын дара образлар болып табылады. Бул образлардың

әдебиятымыз тарийхының узақ жасайтуғынлығы кейинги әўладларға турмыс жолы, ислеген иси қаҳарманлық характери үлги болатуғынлығы сөзсиз. Себеби, олар өз заманы ушын не ислеў керек болса соны ислеген, бул жолда азапта шеккен, жазықсыз жәбир де тартқан, бирақ алған бағдарынан қайтпаған, өз идеясын қорғаған, усы қыйын гүресте жеңиске ерискен гүресшең қаҳарманлар болды. Ол – дәўириниң жыршысы болған.

Ғалым Сейтназаров қарақалпақ әдебиятын ҳәм мәдениятын раўажландырыўға салмақлы үлесин қосқан талантлы шайыр ҳәм жазыўшылардың бири болып, оның шығармалары өзиниң терең мазмуны ҳәм көркемлик жағынан байлығы менен бүгинги күни де қарақалпақ әдебиятында өз орнына ийе.

## Ғалым Сейтназаровтың өмири ҳәм дөретиўшилиги

Ғалым Сейтназаров 1927-жылы 8-майда Тахтакөпир районының Бөршитаў баўрайындағы Қаратерең көлиниң шығыс еңсесиндеги «Шомай» аўылында туўылған. Ол 1942 - 1943-жыллары аўыллық мектептиң жетинши класын питкерген. Соң алты айлық муғаллимлер тамамлайтуғын курсты питкерип, баслаўыш классларға муғаллим болды. Ол усы жыллардан баслап-ақ өзиниң дәслепки косықларын, ҳәр қыйлы темадағы мақалаларын районлық ҳәм республикалық газеталарда жәриялаған, жас талант ийеси екенлигин көрсете баслайды. Атап айтсақ 1944-жылы «Қзыл Қарақалпақстан» газетасында «Ойын заўыққа қуштармыз» атлы сын мақаласы, 1945-жылы «Социалистик Қазақстан» газетасында дәслепки қосықлары басылды. Буннан кейин оның ҳақыйқый пәрўазы күшейип, 1946 – 48 -жылларда Тахтакөпирдеги районлық газетада әдебий хызметкер болып ислейди. Бул жыллары оның журналистлик ҳәм шайырлық таланты раўажланып, әдебий орталықта тилге алына баслаған еди.

Адам өмиринде қуўанышлы ўақыялар менен бирге ҳәр қыйлы ҳәдийселердиң де ушырасатуғыны заңлы қубылыс. Жаңа танылып киятырған Ғалым Сейтназаровқа елиўинши жыллардың басында «Әкеси диний саўатлы мақсым адам, қулақтың баласы деген ғәремет тасы жаўдырылған. Әкеси Жамалатдийин 1930 - жыллардағы жеке адамға қыйыншылық дәўиринде «халық душпаны» деп жала жабылып, 10 жылға сүргин етилген еди. Ол сүргинде жүрип қайтыс болған, ал 1965-жылы қайтыс болғаннан кейин жазықсыз гуналанғанлар қатарында ақланады.

Бул ҳәдийсе жас талант ийесиниң өсип раўажланыўына унамсыз тәсирин тийгизди. Басқа туссе не илаж, бул қыйыншылықтан, дөҳмет-жаладан ўақытша болса да қутылыў ушын 1948-1950-жылларда Қазақстанға кетип, атақлы

жазыўшы Сәбит Муқановтың уйинде бас паналайды ҳәм Қазақ мәмлекетлик университетиниң бир жыллық журналистлер таярлайтуғын қысқа курсында оқып питкерип шығады. Соң Сәбит Муқановтың ақ пәтиясын алып, туўған ели Қарақалпақстанға қайтып, 1954-1957-жылға шекем «Жас Ленинши» газетасында әдебий хызметкер, бөлим баслығы, жуўаплы хаткер болып ислейди. Бул жыллар оның дөретиўшилик хызметиниң жетилисиўи ҳәм шыңланыў дәўири болды.

Ғалым Сейтназаров 1957-жылдан 1963-жылға шекем Каракалпақстан радиосында дәслеп хабаршы, редактор, аға редактор, 1964-жылдың 1-октябринен жаңадан ашылған Каракалпақстан телевидениесиниң бас редакторы, соңынан телевидение ҳәм радио еситтириў комитети баслығының биринши орынбасарлары лаўазымларында 1985 -жылларға шекем иследи.

Ғалым Сейтназаров Қарақалпақстанда ең көрнекли радиожурналистлердиң бири болыўы менен оғада шебер публицист еди. Усындай дөретиўшилик бәлент пәрўазға ийе журналист жазыўшы 1963-64-жыллары Каракалпақстан Жазыўшылар аўқамының жуўаплы хаткери де болып иследи. Бундай әдебий орталыққа араласыўы оның талантын шыңлаў менен бир қатарда шөлкемлестириўшилик уқыбын арттырды.

Жазыўшының дәслепки шығармалары 50-жыллардың орталарынан баслап жәрияланды. Оның «Биринши дәптер» (1960), «Ерлик белгиси» (1961), «Разливтеги қос» (1968), «Сырласыў» (1977), «Темир қазық» (1982), «Я иду» поэзиялық топламлары (1983), «Қызыл кум новеллалары» (1962), «Бизиң аўыл» (1960), «Даўыллар арасынан» повести (1976), «Жалғыз атлы», «Бөгет» повестлер китабы басылып шықты. Оның бир қатар шығармалары Москвада рус тилинде жәрияланды.

Жазыўшының «Даўыллар арасынан» повести 1985-жылы Москвадағы «Детская литература» баспасынан 100 мың нусқада өз алдына китап болып басылды. Усы китабы ушын Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықты алыўға миясар болды.

Ғалым Сейтназаров 1985-1989-жыллары «Әмиўдәрья» журналының бас редакторының орынбасары лаўазымында иследи. Ол усы жыллары «Мәўсимлер муқамы» романын жазып питкерди ҳәм баспадан шығарды.

Ғалым Сейтназаров 1953-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.

Ғалым Сейтназаров Каракалпақстанға мийнети сиңген мәдeният хызметкери (1969), Өзбекистанға мийнети сиңген мәдeният хызметкери (1977) деген Ҳүрметли атақларға ийе, ол еки рет Ҳүрмет белгиси ордени, Өзбекистан, Каракалпақстан Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

Жумыс десе пидайы, досларына садық, жасларға ғамхор, әлпайым, кишипейил инсан Ғалым аға Сейтназаров аўыр кеселлениўден кейин 1994 – жыл ноябрь айында дүньядан өтти. Биз бенен оның әдебий шығармалары, журналистлик хызметлери, радионың «алтын» қорында сақлаўлы турған жигирмадан аслам нама қосықлары, тәрбиялап өсирген перзентлери менен шәкиртлери қалды.

**1969 – жыл. Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдeнияt хызметкери**

**1977 – жыл. Өзбекистанға мийнети сиңген мәдeнияt хызметкери**

**1987 - жыл. Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лаўреаты**

**Еки рет «Ҳүрмет белгиси» ордени менен сыйлықланды**

## Ғалым Сейтназаровтың жазған шығармалары

### 1955

**1.** Сейтназаров Ғ. Бреўи мен: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан. - 1955. -1 май.

**2.** Сейтназаров Ғ. Бөрши таўындағы жайлаўда: [гурриң] // Қзыл Қарақалпақстан. - 1955. - 20 март.

**3.** Сейтназаров Ғ. Тынг маканда: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан. - 1955. - 27 февр.

### 1956

**4.** Сейтназаров Ғ. Қаратерең: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан. - 1956. - 27 май.

### 1958

**5.** Сейтназаров Ғ. Ктапханашы қыз: [очерк] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1958. - 10 авг.

**6.** Сейтназаров Ғ. Шопан: [очерк] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1958. - 25 окт.

**7.** Сейтназаров Ғ. Тарт қолыңды адамзаттың жеринен!: [қосық] // Сов. Қарақалпақстаны. -1958. - 8 авг.

**1961**

**8.** Сейтназаров Ғ. Ерлик белгиси: [поэма ҳәм қосықлар]. - Нөкис: ККМБ., 1961. - 84 б.

**1962**

**9.** Сейтназаров Ғ. Қызыл қум новелласы: [очерклер ҳәм гурриңлер]. - Нөкис: ККМБ., 1962. - 136 б.

**1963**

**10.** Сейтназаров Ғ. Қысқа гурриңлер: // Әмиўдәрья. – 1963. - № 1. – Б. 25 – 27.

**1964**

**11.** Сейтназаров Ғ. Мәнзиллерден мәнзилди гөзлеп: [ Жазыўшы ҳәм бесжыллық ] // Әмиўдәрья. - 1964. -№ 7. - Б. 3 - 6.

**1968**

**12.** Сейтназаров Ғ. Бизиң аўыл: [гурриңлер].- Нөкис: Қарақалпақстан, 1968. - 14 б.

**13.** Сейтназаров Ғ. Разливтеги қос: [қосықлар]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1968. - 46 б.

**1969**

**14.** Сейтназаров Ғ. Балалар әдебиятының ҳәзирги жағдайы: // Әмиўдәрья.- 1969.- № 6.- Б.108 - 115.

**15.** Сейтназаров Ғ. Дәслепки дәптер: [қосықлар топламы]. - Нөкис: Қарақалпақ мәмбасп,1969. - 122 б.

**16.** Сейтназаров Ғ. Жаңа жылда: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1969. - № 1.- Б. 3.

**17.** Сейтназаров Ғ. Туўылған жер ойлары: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1969. - № 4. - Б. 49 - 50.

**1972**

**18.** Сейтназаров Ғ. Сырласыў: [поэма] // Әмиўдәрья.-1972. - № 12. - Б. 4 - 53.

**973**

**19.** Сейтназаров Ғ. Даңқ: [қосық] // Жас Ленинши. - 1973. – 20 апр.

**20.** Сейтназаров Ғ. Жасарыў: [қосық] // Жас Ленинши. - 1973 - 20 апр.

**21.** Сейтназаров Ғ. Сөнбес шайыр шырасы: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1973.- № 4.- Б. 3 - 5.

**1974**

**22.** Сейтназаров Ғ. Үзилхан: [поэма] // Жас Ленинши. - 1974. -13 дек.

**1975**

**23.** Сейтназаров Ғ. Талай - талай дүбири бар алдында: [қосық] // Әмиўдәрья.- 1975.-№ 12.- Б .62.

**1976**

**24.** Сейтназаров Ғ. Даўыллар арасынан: [қыссалар]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1976. - 178 б.

**1977**

**25.** Сейтназаров Ғ. Ақсулыўдың ығбалы: [очерк] // Әмиўдәрья. - 1977. - № 5. - Б. 79 - 86.

**26.** Сейтназаров Ғ. Башқурстан: [қосық] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1977. - 11 июнь.

**27.** Сейтназаров Ғ. Жаңа жылым: [қосық] // Әмиўдәрья.-1977.- № 1.- Б. 15.

**28.** Сейтназаров Ғ. Сахра сазлары: [поэма: Ғ. Сейтназаров 50 жаста] // Әмиўдәрья. - 1977. - № 6. - Б. 92 -107.

**29.** Сейтназаров Ғ. Сырласыў: [поэмалар, қосықлар, балладалар]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. - 160 б.

**1978**

**30.** Сейтназаров Ғ. Алтын нызамым: [қосық] // Сов. Қарақалпақстаны.-1978.- 26 май.

**31.** Сейтназаров Ғ. Дәриўшана: [гурриң] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1978. - 1июль.

**32.** Сейтназаров Ғ. Мухаббат жыры: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1978. - № 9. - Б. 47 - 49.

**33.** Сейтназаров Г. Степные мелодии: [стихи и поэмы]. - Москва: Сов. писатель, 1978. - 111 с.

**1979**

**34.** Сейтназаров Ғ. Темир қазық: [поэма] // Әмиўдәрья. -1979. - № 6. - Б. 3 - 15.

**1980**

**35.** Сейтназаров Ғ. Атпас болар аққуўды: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1980. - № 11.- Б. 44 - 47.

**36.** Сейтназаров Ғ. Жоллар. Жоллар…: [публицистика] // Сов. Қарақалпақстаны.-1980. - 6 март.

**1981**

**37.** Сейтназаров Ғ. Дийхан дала: [қосық] // Әмиўдәрья.-1981.- № 11. - Б. 50 - 55.

**38.** Сейтназаров Ғ. Жыллар әнжамында: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1981. - № 1.- Б. 34-36.

**39.** Сейтназаров Ғ. Келешеги кундей кулген үлкен: [публицистика] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1981. - 23 февр.

**40.** Сейтназаров Ғ. Кутеди жыллар: [қосық] // Әмиўдәрья.-1981.- № 2. - Б. 2 - 3.

**41.** Сейтназаров Ғ. Сәлем, Бәҳәр: [қосық] // Әмиўдәрья.-1981.- № 3. - Б. 8 - 14.

**1982**

**42.** Сейтназаров Ғ. Темир қазық: [қосық, балладалар, поэмалар]. - Нөкис. - Қарақалпақстаны, 1982. - 128 б.

**43.** Сейтназаров Ғ. Төртликлер: [қосық] // Әмиўдәрья. -1982. - № 6. - Б. 42 - 45.

**1983**

**44.** Сейтназаров Ғ. Жалғыз атлы: [Повестьлер, гурриңлер]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1983. - 108 б.

**1984**

**45.** Сейтназаров Ғ. Аналарым бар мениң: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1984. - № 1. - Б. 47 - 49.

**46.** Сейтназаров Ғ. Махасқала: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1984. - № 7. - Б. 89.

**1985**

**47.** Сейтназаров Ғ. Әссалам елимниң қызлары: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1985. - № 3. - Б. 2.

**48.** Сейтназаров Ғ. Әссалам елимниң қызлары: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1985. -№ 3.- Б. 2.

**49.** Сейтназаров Ғ. Қаҳарманлық – мәнгилик: [очерк] // Әмиўдәрья.-1985. - № 5. - Б. 96 - 99.

**50.** Сейтназаров Ғ. Таңламалы шығармалары: Т.1. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1985. -224 б.

**51.** Сейтназаров Ғ. Шығармаларының бир томлығы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1985. - 224 б.

**52.** Сейтназаров Ғ. Шығармаларының бир томлығы. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1985. - 224 б.

**1986**

**53.** Сейтназаров Ғ. Мәўсимлер муқамы: [роман] // Әмиўдәрья. - 1986. - № 11.-Б. 4 - 24.

**1987**

**54.** Сейтназаров Ғ. Мәўсимлер муқамы: [роман]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. -280 б.

**55.** Сейтназаров Ғ. Мәўсимлер муқамы: [роман] (даўамы) // Әмиўдәрья.- 1987.- № 2. - Б. 34 - 62.

**56.** Сейтназаров Ғ. Саяхат шақырады: [повесть] // Әмиўдәрья. -1987.- № 7.- Б. 61 -88.

**1989**

**57.** Сейтназаров Ғ. Байрам ҳәзиллери: [қосық] // Сов. Қарақалпақстаны.- 1989. - 23 дек.

**58.** Сейтназаров Ғ. Бәҳәр басланар пайыт: [повесть] // Әмиўдәрья.-1989.- № 7.-Б. 17 - 40.

**1993**

**59.** Сейтназаров Ғ. Бөгет: [повесть] // Әмиўдәрья. - 1993. - № 1. - Б. 44.

**60.** Сейтназаров Ғ. Ўақыт сырын серлесек: [қосық] Еркин Қарақалпақстан. - 1993. -27 нояб.

**1995**

**61.** Сейтназаров Ғ. Бөгет: [повесть] Топарынан бөлинди ақ қуў: [қосықлар]. - Нөкис: Қарақалпақстан,1995. - 84 б.

## Ғалым Сейтназаровтың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында

**1977**

**62.** Сапаров Х. Даўыллар арасынан қақ жарып: [Ғалым Сейтназаровтың «Даўыллар арасынан» атлы повести ҳаққында] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1977. -15 нояб.

**63.** Камалов К. Влюблённый в жизнь: [О поэта Г.Сейтназарове] // Сов. Каракалпакия. - 1977. - 26 окт.

**1978**

**64.** Султанов Қ. Таў ҳәм дала поэзиясы: [Ғалым Сейтназаров ҳаққында] // Жас Ленинши. -1978. - 23 окт.

**1981**

**65.** Приднев З. Поиск самобытный и счастливый: [О творчестве писателя Г. Сейтназарова] // Сов. Каракалпакия.-1981.-20 янв.

**1984**

**66.** Мәмбетниязов Т. Шайыр толғаныслары: [Ғалым Сейтназаров ҳаққында] // Әмиўдәрья.-1984.-№ 11.

**1988**

**67.** Мәмбетниязов Т. Дәўириниң жыршысы: [Ғалым Сейтназаровтың поэзиясы ҳаққында] // Әмиўдәрья.-1988.-№ 4. Б. 99-102.

**1995**

**68.** Жуманиязов К. Мийнеткеш азамат еди: [Ғалым Сейтназаров ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан.-1995.-21 окт.

**1997**

**69.** Атажанов Ә. Жаслардың жанашыры еди: [ Ғалым Сейтназаровтың 70 жыллығына] // Қарақалпақстан жаслары. - 1997. - 20 окт.

**70.** Зияўов С. Ҳәммеге баўырман еди: [ Ғалым Сейтназаровтың 70 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. -19 июнь.

**71.** Мәдиреймов Т. Ол әдиўли устаз, биринши тележурналист еди: [ Ғалым Сейтназаровтың 70 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. - 18 сент.

**72.** Пахратдинов Ю. Ўатан ышқы: [Ғалым Сейтназаровтың 70 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. -1997. - 23 дек.

**73.** Сапаров Ж.. Ғалым Сейтназаров пенен сырлас болған жылларда // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. - 8 февр.

**74.** Сомиярова З. Ғалым Сейтназаровқа бағышланды: [Ғалым Сейтназаровтың 70 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. -15 май.

**75.** Шакиев Е. Мухановты устаз тутып: [ Ғалым Сейтназаровтың 70 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. - 20 май.

**2002**

**76.** Әбдимуратов А. Иске пидайы, досқа садық, жасларға ғамхор инсан еди: [Жазыўшы - журналист Ғалым Сейтназаровтың естелигине] // Еркин Қарақалпақстан. - 2002. - 24 дек.

**2017**

**77.** Рзаева Р. Яднама: [ Ғалым Сейтназаровтың туўылғанына 90 жыл] // Қарақалпақ әдебияты. – 2017.- № 7. - Б. 8.

**Дүзиўши: Гулзар Аббазова**

**Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме – китапхана орайы**
**Мағлыўмат библиография бөлими баслығы**